

**LARAPNA METODE RESITASI DINA PANGAJARAN
NULIS CARITA PONDOK ANU BERORIENTASI
MEKARKEUN ALUR DIKELAS XI
SMAN 15 BANDUNG**

RINGKESAN

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok jeung mekarkeun alur carita pondok siswa kelas XI SMAN 15 Bandung ku cara ngalarapkeun métode déklamasi dina pangajaran. Pasualan anu diébréhkeun ngawengku kamampuh pangarang ngalarapkeun métode déklamasi, kamampuh siswa dina mekarkeun galur carita pondok, jeung éféktivitas métode déklamasi dina pangajaran nulis carita pondok. Ieu panalungtikan ngagunakeun desain panalungtikan tindakan kelas kalawan subjék panalungtikan mangrupa kaparigelan nulis carita pondok dumasar kana pangalaman batur, sumber datana 58 siswa atawa 2 kelas. Métode panalungtikan anu digunakeun nya éta kuasi ékspérimén ku cara ngalaksanakeun tés dua kali di unggal kelas, boh kelas kontrol boh kelas ékspérimén. Hasilna nuduhkeun yén larapna métode déklamasi dina pangajaran nulis carita pondok anu berorientasi mekarkeun alur di kelas XI SMAN 15 Bandung bisa ngaronjatkeun kamandirian diajar siswa sarta hasil pancén nulis carita pondok bisa ditepikeun jeung dipertanggungjawabkeun sacara éféktif. Ku kituna, larapna métode déklamasi dina pangajaran nulis carita pondok anu berorientasi kana kamekaran galur carita pondok bisa méré kontribusi anu positif kana kamampuh nulis siswa jeung diajar mandiri.

Kata Kunci: *Larapna métode resitasi, kaparigelan nulis carita pondok, mekarkeun carita pondok*